

Nama Kelompok dan nomor presensi : 1.

2.

3.

4.

Kelas :

Kagiyatan 1

Bocah Cilik Kae

(Turiyo Ragil Putra, Bledheg Segara Kidul, 2007:59)

*bocah cilik sing nyapu latar kae
sapa ngerti mbesuk tembe thukul elare
mabur dhuwur nganglang langit
numpak mega-mega andon lelana sinambi methiki
lintang kartika*

*bocah cilik kae isih bening
jiwane isih suci lemah atine
aja ditanduri jenu utawa senthe
aja dibumboni wisa utawa krawe*

*bocah cilik kae
togna menyang endi abur jiwane*

Tembung-tembung ing ngisor iki golekana tegese nganggo Kamus *Bausastra* online <https://www.sastra.org/leksikon> utawi unduh kamus ing playstore irah-irahane (judul) “Bausastra Jawa Lengkap”

Golekana tegese tembung ing ngisor iki!

No.	Tembung	Tegese	
1.	tembe		Ngundhuh
2.	thukul		Tuwuh
3.	elare		Lintang
4.	nganglang		Ngubengi
5.	mega-mega		Entek-entekan
6.	andon		Sawijining tanduran kang nduweni racun
7.	lelana		Banjur, lestari
8.	krawe		Sawijining tanduran tales-talesan kang uga nduweni racun
9.	methiki		Akal, nalar, pikiran
10.	kartika		Lelungan, mider-mider
11.	jenu		Mendhung
12.	senthe		Samubarang kang ora becik
13.	abur		Mengko, besuk
14.	togna		Miber
15.	wisa		racun

Kegiatan 2

Sawise mangretosi unsur kang mbangun saka geguritan lan mangretosi tegese tetembungan kang angel ing geguritan, peserta didik diajab bisa ngembangake isine geguritan nganggo basamu dhewe kanthi trep lan bener

Geguritane	Gancaran/parafrase
Bocah Cilik Kae	
bocah cilik sing nyapu latar kae	...
sapa ngerti mbesuk tembe thukul elare	...
mabur dhuwur nganglang langit	...
numpak mega-mega andon lelana sinambi methiki lintang kartika	...
bocah cilik kae isih bening	...
jiwane isih suci lemah atine	...
aja ditanduri jenu utawa senthe	...
aja dibumboni wisa utawa krawe	...
bocah cilik kae	...
togna menyang endi abur jiwane	...

- Mbagi crita urip lan kabecikan marang wong liya
- Isih suci atine
- Aja diwarahi samubarang kang ora becik
- Ditogne wae milih dalan uripe dewe, amung kudu tetep ana ing dalan kang bener
- Dadi wong kang kepenak uripe
- Sapa ngerti mbesuk ing tembe mburine dadi bocah pinter
- Aja diajari tumrap barang kang ala
- Bocah cilik kae kang isih urung nduwe dosa
- Bocah cilik sing lagi nyapu latar kae
- Bocah cilik kae

Amanat saking geguritan “Bocah Cilik Kae” :